



## IVYEREKEYE KWIRINDA IMPANUKA MW'IBARABARA

URAFISE URUHARA MU BIJANYE N'UMUTEKANO W'ABANA BAWE MU GIHE BARIKO BAJA CANKE BAVA KW'ISHURE.

# Umutekano mu kwiyinguruza mw'ibasi

Umwana ashobora guhura n'ingorane cane cane igihe yururutse ibasi.

### Mu kugabanya ingorane:

- tegera abana bawe ku gituro c'ibasi- ntiwigere uhagarara ku rundi ruhande rw'ibarabara
- fata amaboko abana bawe ku gituro c'ibasi
- hagarara ku ntambwe nkeyi kuva ku nkengera z'ibarabara iyo urindiriye ku gituro c'ibasi
- rindira gushika ibasi irengane, uheze ucagure ikibanza kimeze neza kugira ujabuke ibarabara.

### Fasha abana bawe kurondera ikibanza kimeze neza co kujabukiramwo nko:

- aho abagenda ku maguru bajabukira canke ku matara, mu gihe ahari
- igice citaje c'ibarabara aho babonwa n'abagendesha ivyuma bose.

Udashoboye kuba uri kumwe n'abana bawe, tegekanya umuntu akuze w'umwizigirwa kugira ategere abana bawe ku gituro c'ibasi.



### Ukeneye ubundi bufashwa

Ja ku gisata kijejwe Inyigisho Zijanye n'Umutekano wo mw'ibarabara kuri <https://education.nsw.gov.au/road-safety-education> canke uje kuri <https://education.nsw.gov.au/hanyuma> urondere inyigisho zijanye n'umutekano w'ibarabara.